

MISYON DWA SIVIL NOU YO

Biwo Avoka Etazini pou Distri Kawolin di Sid angaje l pou l defann dwa sivil ak konstitisyonèl tout Ameriken yo, sitou kèk nan manm ki pi vilnerab nan sosyete nou an.

KIJAN POU DEPOZE YON PLENT

Si ou kwè yo te fè diskriminasyon kont ou, oswa yo te vyole dwa sivil ou, ou ka depoze yon plent alekri nan Biwo Avoka Ameriken an.

Lapòs: U.S. Attorney's Office,
District of South Carolina,
Attn: Civil Rights Program,
1441 Main Street,
Suite 500, Columbia, SC 29201

Imèl: USASC.CivilRights@usdoj.gov

Kontakte Depatman Jistis Etazini an Divizyon Dwa Sivil yo

Ranpli fòm nan sou entènèt:
<https://civilrights.justice.gov/report/>

Rele Divizyon Dwa Sivil yo:
202-514-3847
1-855-856-1247 (gratis)
202-514-0716 (TTY)

Kontakte Lapolis

Si ou kwè ou se yon viktim oswa yon temwen yon krim rayisab oswa lòt vyolasyon kriminel dwa sivil, nou ankouraje w kontakte ajans ki fè respektè lalwa lokal ou a epi/oswa rapòte sa bay FBI lè w rele 1-800-CALL-FBI. oswa voye yon enfòmasyon nan tips@fbi.gov. Ou ka rete anonim.

Biwo Avoka Etazini Distri Kawolin Di Sid Pwogram Dwa Sivil yo

KÒDONATÈ DWA SIVIL YO:

Johanna Valenzuela (Sivil)
Ben Garner (Kriminèl)

Vizite sitwèb sa yo pou plis enfòmasyon:

<https://www.justice.gov/usao-sc/civil-rights>

<https://www.justice.gov/crt>

<http://www.ada.gov/>

<https://www.justice.gov/hatecrimes>

<http://www.fbi.gov>



Imèl: usasc.civilrights@usdoj.gov

Twitter: https://twitter.com/USAO_SC

BIWO AVOKA ETAZINI DISTRI KAWOLIN DI SID

RANFÒSMAN DWA SIVIL YO



ADAIR F. BOROUGHS AVOKA ETAZINI

1441 MAIN STREET, SUITE 500
COLUMBIA, SOUTH CAROLINA
29201

TEL: (803) 929-3000

FAKS: (803) 733-5966

PWOGRAM DWA SIVIL YO

SA LALWA ENPOZE

Depatman Jistis Ameriken an gen jiridiksyon pou mennen ka anba yon kantite lwa federal, ki gen ladan:

- Lwa sou Ameriken Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA)
- Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Act, FHA)
- Lwa sou Dwa Vòt yo (Voting Rights Act)
- Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (Equal Credit Opportunity Act, ECOA)
- Tit IV, Tit VI, ak Tit VII Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (Civil Rights Act of 1964)
- Lwa Sou Dwa Pou Travay ak Re-Anplwaman Militè yo (Uniformed Services Employment and Re-employment Rights Act, USERRA)
- Lwa sou Sekou Sivil pou Militè yo (Servicemembers' Civil Relief Act, SCRA)
- Tit IX Amannman Edikasyon 1972
- Lwa 1980 sou Dwa Sivil Moun ki Enstitisyonnalize yo (Civil Rights of Institutionalized Persons Act, CRIPA)
- Lwa sou Opòtinite Edikatif Egal (Equal Educational Opportunities Act, EEOA)
- Lwa 1994 sou Libète Aksè Antre nan Klinik (Freedom of Access to Clinic Entrances Act, FACE)
- Lwa sou Itilizasyon Tè a Bi Relijye ak Moun ki Enstitisyonnalize (Religious Land Use and Institutionalized Persons Act, RLUIPA)
- Privasyon Dwa anba Koulè Lalwa (Deprivation of Rights under Color of Law)
- Lwa Prevansyon Krim Rayisman Shepard Byrd (Shepard Byrd Hate Crimes Prevention Act)

DWA ANDIKAPE

Lwa sou Ameriken Andikape yo (ADA) entèdi diskriminasyon sou baz andikap nan plizyè kontèks, tankou travay, transpò, aktivite leta ak gouvènman lokal yo, kote pou akomodasyon piblik yo, ak telekomunikasyon yo. Depatman Jistis la gen otorizasyon pou mennen ankèt sou plent yo, pou fè revizyon konfòmite pou asire aksè, epi kòmanse ak entèvni nan litij.

LOJMAN EKITAB AK KREDIEKITAB

Lwa sou Lojman Ekitab ak Lwa Opòtinite Kredi Egal la entèdi pratik diskriminatwa pou lojman ak prèt rezidansyèl ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, ak kondisyon fanmi. Depatman Jistis la gen otorizasyon pou mennen yon pwosè si li jwenn yon tandans oswa pratik kondwit ilegal oswa si pwoblèm nan sòlve yon pwoblèm ki gen enpòtans piblik. Depatman an kapab mennen yon litij tou sou non sitwayen prive ki chwazi aksyon sa yo sou yon konklizyon rezonab Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) an. Ou ka pote plent kont HUD si w ale nan www.hud.gov.

OPÒTINITE EDIKATIF

Pou asire opòtinite edikatif egal pou tout elèv, Depatman Jistis la ap mennen ankèt sou reklamasyon ke distri eskolè yo pa bay elèv k ap aprann lang Anglè sèvis apwopriye pou simonte baryè lang yo. Depatman an kapab mennen ankèt sou akizasyon diskriminasyon tou, tankou entimidasyon ak administrasyon disiplin diskriminatwa ki baze sou ras, orijin nasyonal, sèks, relijyon, ak andikap, nan lekòl primè ak segondè, osi byen ke nan kolèj piblik ak inivèsite.

MOVÈZ KONDWIT LAPOLIS

Depatman Jistis gen otorizasyon pou envestige tandans oswa pratik kondwit ajans ki fè respektè lalwa yo ki lakòz vyolasyon dwa federal ak konstitisyonèl moun yo.

DWA REPWODIKTIF

Lwa FACE pwoteje moun kont entimidasyon fizik, menas, ak vyolans pandan y ap chèche oswa bay swen sante repwodiktif, tankou klinik avòtman ak konsèy anti avòtman.

DWA SIVIL MOUN KI ENSTITISYONNALIZE YO

Lwa 1980 sou Dwa Sivil Moun ki Enstitisyonnalize yo (CRIPA) bay Depatman Jistis otorite pou mennen ankèt sou kondisyon nan sèten enstitisyon opere pa gouvènman eta ak lokal yo, tankou enstalasyon pou moun ki gen andikap sikyatrik oswa devlopman, mezon retrèt, etablisman koreksyonèl pou timoun, ak prizon granmoun ak prizon.

DWA MANM LAME

Lwa 1994 sou dwa Pou Travay ak Re-anplwaman militè yo ak (USERRA) entèdi diskriminasyon ak vanjans ki baze sou sèvis militè epi li egziye, pami lòt bagay, pou patwon yo mete moun yo nan travay sivil yo ak pwomosyon ki aplikab aprè sèvis militè, dapre kondisyon espesifik yo.

LWA SOU UTILIZASYON TÈ A BI RELIJYE AK MOUN KI ENSTITISYONNALIZE YO (RLUIPA)

Dispozisyon pou itilizasyon tè a Bi Relijye nan Lwa 2000 sou itilizasyon tè a Bi Relijye ak Moun ki Enstitisyonnalize yo (RLUIPA), 42 U.S.C. §§ 2000cc, et seq., pwoteje moun, kay kote yo lapriye, ak lòt enstitisyon relijye kont diskriminasyon nan detèmine itilizasyon zòn ak jan yo make yo.

KRIMINÈL

Depatman Lajistis envestige ak pouswiv vyolasyon dwa sivil kriminel yo, pou enkli ladan: krim rayisman, volontèman anpeche dwa konstitisyonèl pa ofisye gouvènman yo, trafik moun, entèferans ak aksè nan swen sante repwodiktif, ak kèk entèferans nan eleksyon ak vòt akòz ras, koulè, relijyon, oswa orijin nasyonal.